



Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PIBLIKASYON KAT WO DEBI NAN NIVO ADRÈS NAN TOUT ETA A

Yon pati nan Inisyativ ConnectALL nan Ajanda Eta 2022 Gouvènè a ki koute 1 milya dola — Pi gwo investisman ki te janm fèt nan enfrastrikti 21èm syèk New York la

Kat inik lan bay etap enpòtan nan gide efò Eta a yo pou adrese twou vid ki genyen nan disponiblite wo debi a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York te pibliye yon [kat wo debi entèaktif inik](#) pou bay reprezantasyon ki pi detaye sou enfrastrikti wo debi nan New York jiskaprezan. Kat la, ansanm ak [yon rapò akonpaye](#), se rezilta plizyè mwa evalyasyon sou teren Komisyon an te fè nan zòn ki pi lwen yo nan eta a, ki kouvri plis pase 128,748 km. Pou kolekte done egzat, Komisyon an te kolabore ak 60 founisè sèvis entènèt epi fè sondaj sou plizyè dizèn milye konsomatè New York.

"Entènèt gwo vitès pi esansyèl pase anvan pou jwenn aksè ak sèvis debaz ak enfòmasyon ke nou itilize nan lavi nou chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk kat sa a nan men nou, nou ka wè ki kote pou nou dirije finansman wo debi eta ak federal pou konekte zòn ki pa gen sèvis yo ak zòn ki pa gen sèvis ase yo. Zouti espesifik adrès sa a se yon zouti nou ka itilize pou bay yon prezantasyon pi egzak sou bezwen koneksyon nan zòn ki te dekonekte yo pandan twò lontan."

Avan kreyasyon kat la, New York, tankou pifò eta yo, te konte an pati sou done federal ki te egzije sèlman founisè wo debi pou yo bay sèvis nan yon sèl adrès nan yon blòk resansman pou deziyen tout zòn nan kòm zòn ki jwenn sèvis. Lè yo kolekte done nivo adrès la, New York kapab kounye a dekri ki kote yo sèvi, kote ki pa gen ase sèvis, ak kote ki pa gen sèvis nan yon fason ki pi granulaire, ki pral ede nan alokasyon finansman eta ak federal.

Pou sipòte efò lokal yo pou elaji wo debi abòdab ak fyab, ConnectALL, ki abrite nan Empire State Development, pral etabli ak administre pwogram sibvansyon nan nivo eta ak federal pou bay finansman pou planifye, fè konsepsyon, ak konstwi enfrastrikti wo debi ki aksesib. ESD pral dirije nan tout eta a pou koneksyon ak kowòdinasyon ak lòt

ajans eta a, minisipalite ak yon seri divès pati konsène nan chak kwen nan New York. Efò sa yo pral asire ke finansman yo ale kote yo plis bezwen li epi ke chak kominote gen sipò ak resous li bezwen pou li konekte.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare, "Gouvènè Hochul konnen ke koneksyon entènèt rapid se gran egalizatè nan mond jounen jodi a, paske li esansyèl pou moun jwenn aksè ak sèvis debaz yo ak enfòmasyon ke nou tout bezwen nan lavi nou chak jou. Avèk etid revolisyonè sa a, nou pral travay pou asire ke chak pati nan eta a gen wo debi rapid ki disponib."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Youn nan premye etap yo nan asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak wo debi ki abòdab ak fyab se detèmine ke li rive jiska nivo lari a kote kouvèti a egziste. Kat sa yo pral kontribiye anpil pou pèmèt biwo ConnectALL dirije finansman yon fason efikas ki pral benefisye tout Nouyòkè yo. Sa ki pi enpòtan, li sèvi kòm yon zouti enpòtan pou adrese ekite ak konpetisyon dijital pou Eta New York kapab finalman konble divizyon dijital la."

Kat entèaktif la pèmèt itilizatè yo eksplòre disponiblite wo debi eta a. Itilizatè yo kapab chèche yon adrès pou wè ki founisè ki disponib, ki teknoloji founisè sa yo ap itilize ak ki vitès ak ki plan yo ofri. Itilizatè yo kapab fè rechèch tou nan nivo konte, minisipal, ak distri lekòl yo pou jwenn done sou pousantaj popilasyon ki jwenn sèvis, ki pa gen sèvis ase oswa ki pa jwenn sèvis nan chak nivo.

Nouvo kat la pral pèmèt moun New York yo ak moun ki fè politik yo analize yon reprezantasyon ki pi egzak sou kote ki gen sèvis, ki pa sèvis ase oswa ki pa gen sèvis. Komisyon an te jwenn ke 97.4 pousan nan adrès Eta New York yo sèvi pa founisè sèvis wo debi rapid. Kat la montre ke sèvis wo debi rapid rete endisponib pou anpil Nouyòkè nan zòn ki prensipalman seksyon riral yo, nan kote tankou Konte Hamilton, ak Konte Lewis, ke yo sèvi a 70.2 pousan ak 73 pousan, respektivman. Anplis de sa, li montre ke konte ki gen pi ba revni mwayèn ki pi fèb yo, yo te jwenn yo gen pi gwo pri an mwayèn pou wo debi ak pousantaj ki pi ba nan kote yo sèvi yo.

Mwa pase a, Gouvènè Hochul te anonse ke Otorite Enèji New York (New York Power Authority NYPA) ak Empire State Development t ap lanse yon [pwojè modèl ConnectALL pou kat konte](#) pou pote sèvis entènèt wo debi abòdab bay plis Nouyòkè k ap viv nan zòn riral yo. Vilaj Sherburne nan Konte Chenango, Vil Nichols nan Konte Tioga, Vil Diana nan Konte Lewis, ak Vil Pitcairn nan Konte St. Lawrence se premye minisipalite ki benefisye premye deplwaman sa a.

Efò sa yo endike gwo pwogrès nan katografye disponiblite wo debi nan yon nivo trè detaye. Divizyon katografi wo debi Komisyon an pral kontinye priyorize rafine done sa yo pandan tout rès ane a. Pou ede sipòte faz rafinman an, itilizatè yo ka bay opinyon sou kat la pou rapòte sa ki pa egzat ak/oswa bay opinyon jeneral sou fason Komisyon an ka amelyore kat la nan okazyon alavni yo. Anplis de sa, yo ankouraje itilizatè yo pou yo kontakte founisè yo dirèkteman pou verifye enfòmasyon sèvis yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "Mwen te gen plezi nan mwa me a pou mwen vizite Sherburne nan Konte Chenango epi mwen temwen pèsonèlman kijan manm kominote yo eksite konsènan amelyorasyon sèvis wo debi k ap vini nan zòn yo atravè pwojè pilòt NYPA ak Sherburne Electric kote n ap konekte ak wo debi lè nou sèvi avèk enfrastrikti transmisyon nou an nan Konte a. Aksè wo debi se yon nesosite nan epòk sa a epi tout Nouyòkè yo merite koneksyon ak abòdabilite kèlkeswa kote y ap viv, travay ak ale lekòl. Gouvènè Hochul gen yon plan pou atenn objektif esansyèl sa a epi li ap inovè nan chak kwen pou pote sèvis pou Kominote ki pa gen sèvis ase ak Kominote ki pa jwenn sèvi yo atravè gwo eta nou an. New York Power Authority fyè dèske li fè pati pwojè modèl ConnectALL pou kat konte a epi nou pa ka tann pou nou kontinye fè pati solisyon an pandan nou menm ak patnè eta ak prive nou yo, ap fè efò pou ConnectALL."

Peter A. Baynes, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta New York (New York State Conference of Mayors, NYCOM), te deklare, "Wo debi ki aksesib ak bon jan kalite esansyèl pou siksè yon moun nan ekonomi 21èm syèk la. Konferans Majistra Eta New York bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te devlope yon kat wo debi entèaktif ki rakonte istwa reyèl kote Nouyòkè yo rete san aksè fyab ak wo debi. Kat sa a pral bay lidè vil yo ak vilaj yo yon zouti enpòtan pandan y ap travay pou asire ke tout rezidan yo ak biznis yo gen aksè ak enfrastrikti esansyèl sa a."

Pou kontakte pwogram ConnectALL, vizite broadband.ny.gov oswa kontakte nysbroadband@esd.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418